



**APLIKASYON
pou Asirans
Sante**

**access
NY**

**pou Timoun,
Adilt ak
Fanmi**

health care



EKSPLIKASYON

DEKLARASYON KONSÈNAN SEKRÈ ENFÒMASYON Tout enfòmasyon ou bay nan aplikasyon sa a ap rete an sekre. Sèl moun k ap wè enfòmasyon sa yo se Moun ki Fasilite Enskripsyon yo ak ajans Eta a oswa ajans lokal yo ak plan sante yo ki bezwen konnen enfòmasyon sa yo pou yo kapab detèmine si ou (moun ki aplike a) ak moun lakay ou yo kalifye. Moun ki ede ou avèk aplikasyon sa a pa kapab diskite sou enfòmasyon yo avèk okenn moun, sof yon sipèvizè oswa ajans Eta a oswa ajans lokal yo oswa plan sante ki bezwen enfòmasyon sa yo.

OBJEKTIF APLIKASYON SA A Ranpli aplikasyon sa a si ou vle asirans sante garanti depans medikal yo. Ou kapab itilize aplikasyon sa a pou aplike pou Medicaid, Family Planning Benefit Program, oswa pou jwenn èd pou peye prim asirans sante ou. Ou kapab aplike pou tèt ou epi/oswa pou manm fanmi pwòch ou k ap viv avèk ou.

SI OU BEZWEN ÈD POU RANPLI APLIKASYON SA A AKÒZ YON ANDIKAP, RELE DEPATMAN SOSYAL SÈVIS ZÒN OU. Y AP FÈ TOUT EFÒ POU BAY ARANJMAN REZONAB POU SATISFÈ BEZWEN OU YO.

TANPRI LI tout sa ki nan tiliv aplikasyon an anvan ou kòmanse ranpli fòm aplikasyon an. Si ou aplike SÈLMAN pou timoun yo oswa si ou se yon fanm ansent ki aplike poukont ou, ou dwe ranpli sèlman **Seksyon A jiska G epi Seksyon I ak J**. Lòt moun ki aplike yo dwe ranpli tout seksyon yo.

Si ou gen laj 65 ane oswa plis, si ou se yon avèg sètifye, yon moun andikape sètifye, oswa yon moun k ap pran swen nan yon enstitisyon medikal, epi si ou aplike pou pwoteksyon swen sante nan kay retrèt, ou dwe **ranpli Seksyon Sipleman A tou**. Seksyon sipleman A a gen ladan kesyon sou resous ou yo, tankou lajan ou gen labank oswa kay ou posede.

Kèlkeswa lè ou wè mo **VOYE PRÈV** nan aplikasyon an, ale nan seksyon “Dokiman ki Nesesè Lè Ou Aplike pou Asirans Sante” pou yon jwenn yon lis dokiman sipò ki akseptab.

FASON POU JWENN ÈD Lè ou aplike pou asirans sante, ou **PA** bezwen ale nan departman sosyal sèvis zòn ou oswa nan biwo yon Moun ki Fasilite Enskripsyon pou fè yon entèvyou, men ou **KA** vini nan biwo yon Moun ki Fasilite Enskripsyon oswa ou ka kontakte li pou ede ou ranpli fòm aplikasyon sa a. **Ou kapab jwenn yon lis Moun ki Fasilite Enskripsyon kote ou te pran aplikasyon sa a, oswa ou ka rele 1-800-698-4543 pou jwenn lis la. TOUT ÈD YO BAY LA GRATIS. (1-877-898-5849 TTY liy pou moun ki mal pou tande)**

SEKSYON A Enfòmasyon sou Moun ki Aplike a

Nou bezwen kapab kontakte moun ki aplike pou asirans sante a. Adrès kay kote moun ki aplike pou asirans sante a ap viv. Adrès postal, si li diferan, se kote ou vle pou nou voye kat asirans sante yo ak avi yo ba ou konsènan dosye ou. Ou kapab fè nou konnen si ou vle pou yon lòt resevwa enfòmasyon yo sou dosye ou epi/oswa pou lòt moun nan kapab diskite sou dosye ou.

SEKSYON B Enfòmasyon sou Kay la

Tanpri mete enfòmasyon pou tout moun k ap viv avèk ou menmsi ou pa aplike pou asirans sante. Li enpòtan pou bay non tout moun k ap viv avèk ou pou nou kapab pran yon desizyon kòrèk sou kalifikasyon an. Mete non jèn fi (non legal anvan maryaj), si sa aplike pou moun nan. Epitou mete Vil, Eta ak Peyi kote moun nan fèt. Si yon moun te fèt deyò Etazini, senpleman ekri peyi kote moun nan te fèt la. Nou bezwen tou, pou chak moun ki aplike, tout non jèn fi manman an li (prenon ak non fanmi) Nou ka itilize enfòmasyon sa yo pou jwenn prèv dat moun ki aplike a fèt nan sèten sikonstans.

- **Èske moun sa a ansent?** Si li ansent, kilè l ap akouche tibebe a? Enfòmasyon sa yo ap ede nou detèmine kantite moun ki nan fanmi ou. Yon fanm ansent konte pou de (2) moun.
- **Sa ou ye pou moun ki nan Liy 1.** Eksplike kisa chak moun ye pou moun ki endike nan Liy 1 (pa egzanp, madanm/mari, pitit, bofis/bèlfi, frè, sè, nyès, neve, elatriye.)

- **Pwoteksyon Asirans Sante Piblik.** Si oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou deja enskri oswa te enskri anvan nan Medicaid, Family Planning Benefit Program, oswa nan nenpòt lòt fòm èd piblik tankou Koupon pou Manje (Food Stamps), nou bezwen konnen sa. Epitou, fè nou konnen nimewo idantifikasyon Kat Idantifikasyon Avantaj Eta New York la.
- **Nimewo Social Security.** Ou ta dwe bay yon nimewo Social Security pou tout moun ki aplike yo, si moun nan gen youn. Si moun nan pa gen yon Nimewo Social Security, kite kaz la vid.
- **Kondisyon Sitwayènte oswa Kondisyon Imigrasyon.** Enfòmasyon sa yo nesèsè sèlman pou moun ki aplike pou asirans sante. Fanm ansent yo pa bezwen reponn kesyon sa a. Pou kalifye pou asirans sante, lòt moun ki gen laj 19 ane ak plis dwe se sitwayen ameriken oswa yo dwe nan yon kategori imigrasyon ki kalifye yo. Nou bezwen wè swa dokiman orijinal sitwayènte ameriken ak idantite oswa kopi dokiman sa yo. Tanpri kontakte departman sosyal sèvis zòn ou oswa rele 1-800-698-4543 pou konnen ki kote ou kapab pote dokiman sa yo. Tanpri sonje si ou nan Medicare, oswa si w ap resevwa avantaj pou Andikap nan Social Security men ou pa kalifye pou Medicare, li pa nesèsè pou bay dokiman sou sitwayènte ou oswa sou idantite ou.

ENFÒMASYON SOU RESPONSABLITE PIBLIK

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (United States Citizenship and Immigration Services, USCIS) endike enskripsyon nan Medicaid, oswa nan Family Planning Benefit Program PA KAPAB afekte posiblité yon moun pou jwenn yon grinkat, pou moun nan vin yon sitwayen ameriken, pou moun nan sipòte yon manm fanmi, oswa pou moun nan vwayaje pou antre epi sòti nan peyi a. Sa pa vrè si Medicaid peye pou swen sante alontèm alapas yon kay retrèt oswa yon lopital sikyatrik.

Leta p ap rapòte okenn enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a ba USCIS.

- **Ras/Gwoup Etnik.** Ou pa gen obligasyon pou bay enfòmasyon sa yo epi sa ap ede nou asire tout moun jwenn posiblité pou antre nan pwogram yo. Si ou ranpli aplikasyon sa a, itilize kòd ki endike nan aplikasyon an ki pi byen dekri ras oswa orijin etnik chak moun. Ou ka chwazi plis pase youn.

SEKSYON C Revni Kay la (Lajan ou Resevwa)

- Nan seksyon sa a, bay lis tout kalite revni (lajan ou resevwa) ak kantite lajan moun ki nan endike nan lis nan Seksyon B a resevwa.
- Tanpri fè nou konnen konbyen lajan ou fè anvan yo retire taks yo.
- Si pa gen lajan k ap vini lakay ou, eksplike kijan ou peye pou depans pou viv, tankou manje ak lojman.
- Nou bezwen konnen si ou te chanje djòb oswa si ou se yon etidyan.
- Nou bezwen konnen tou si ou peye yon lòt moun oswa yon lòt kote, tankou yon sant gadri, pou pran swen pitit ou yo oswa madanm/mari andikape ou oswa paran ou pandan w ap travay oswa pandan ou ale lekòl. Si ou fè sa, nou bezwen konnen kantite lajan ou peye. Nou ka retire nan kantite lajan ou peye pou frè sa yo nan kantite lajan nou konte kòm revni ou.

SEKSYON D Asirans Sante

Li enpòtan pou fè nou konnen si nenpòt ki aplike gen pwoteksyon oswa kapab gen pwoteksyon nan asirans sante yon lòt moun. Enfòmasyon sa yo ka afekte kalifikasyon yo pou pwoteksyon asirans lan; pou kèk moun ki aplike, nou kapab retire kantite lajan ou peye pou asirans sante nan kantite lajan nou konte kòm revni; oswa nou ka peye frè prim asirans sante ou si nou detèmine si li efikas.



Nou ka ede ou peye prim asirans sante a si ou gen oswa si ou kapab gen asirans lan nan travay ou. N ap bezwen rasanble plis enfòmasyon sou asirans lan, epi n ap voye yon kesyonè sou asirans lan ba ou pa lapòs.



SEKSYON E Depans pou Lojman

Ekri depans ou fè pa mwa pou lojman ou. Sa gen ladan peman lwaye ou, peman prè ipotekè ou chak mwa oswa lòt peman pou lojman. Si ou gen yon peman prè ipotekè, mete taks sou kay la nan kantite lajan ou fè nou konnen an. Si ou patisipe nan fè depans pou lojman ou oswa si lwaye ou sibvansyone, tanpri fè nou konnen sèlman konbyen lajan OU peye nan peman lwaye ou oswa nan prè ipotekè ou. Si ou peye pou dlo, fè nou konnen konbyen lajan ou peye epi konbyen fwa.

SEKSYON F Moun ki Avèg, Andikape, ki Gen yon Maladi Kwonik, oswa k ap Pran Swen nan Kay Retrèt

Kesyon sa yo ap ede nou detèmine ki pwogram ki pi bon pou chak moun ki aplike, epi ki sèvis ki ka nesèsè. Yon moun ki andikape, ki gen yon maladi grav oswa ki gen gwo bòdwo medikal ka jwenn plis sèvis sante. Ou ka gen yon andikap si aktivite chak jou ou limite akòz yon maladi oswa yon pwoblèm medikal ki dire 12 mwa oswa ou prevwa k ap dire omwen 12 mwa. Si ou avèg, si ou andikape, si ou gen yon maladi kwonik oswa si ou bezwen swen nan kay retrèt, w ap bezwen ranpli Seksyon Sipleman tè A. Si ni oumenm ni nenpòt ki aplike pa avèg, pa andikape, pa gen yon maladi kwonik oswa pa nan yon kay retrèt, ale nan Seksyon G.

SEKSYON G Lòt Kesyon sou Sante

Si ou gen bòdwo medikal ki peye oswa ki pa peye nan dènye twa (3) mwa yo, Medicaid ka gen posiblité pou peye frè sa yo. Fè nou konnen pou kimoun bòdwo sa yo ye epi nan ki mwa. Mete kopi bòdwo medikal yo ansanm avèk aplikasyon sa a. Nòt: Peryòd twa (3) mwa a kòmanse lè depatman sosyal sèvis zòn ou resevwa aplikasyon ou oswa lè ou rankontre avèk yon Moun ki Fasilite Enskripsyon. W ap bezwen fè nou konnen ki revni ou t ap touche pou nenpòt mwa pase lè ou gen bòdwo medikal pou nou kapab wè si ou kalifye pandan moman sa a. Nou mande ou kote ou t ap viv tou nan dènye twa (3) mwa yo, paske sa ka afekte mwayen ou pou peye pou ansyen bòdwo yo. Nou poze ou kesyon sou nenpòt pwosè ki annatant oswa sou pwoblèm sante yon lòt moun lakòz ou genyen pou nou konnen si yon lòt moun ta dwe peye pou nenpòt pòsyon nan frè pou peye pou swen medikal ou.

SEKSYON H

Paran oswa Madanm/Mari ki p ap Viv nan Kay la oswa ki Mouri

- Si nenpòt nan moun ki aplike yo gen yon madanm/mari oswa yon paran ki absan, ou dwe ranpli seksyon sa a pou nou kapab wè si gen sipò medikal ki disponib pou ou oswa pou pitit ou.
- Fanm ansent yo pa bezwen reponn kesyon sa yo jouk nan 60 jou apre yo akouche pitit yo. Tout lòt moun ki aplike epi ki gen laj 21 ane oswa plis dwe gen volonte pou bay enfòmasyon sou yon paran yon timoun minè ki aplike oswa sou yon madanm/mari ki p ap viv nan kay la pou li kalifye pou asirans sante, sof si gen yon rezon valab. Yon egzanp "rezon valab" se laperèz domaj fizik oswa domaj emosyonèl pou ou oswa pou yon manm fanmi ou. Kesyon 2 konsène **PARAN** nenpòt timoun ki aplike epi ki poko gen laj 21 ane. Kesyon 3 konsène **MADANM/MARI** nenpòt moun ki aplike.
- Si paran yo pa vle bay enfòmasyon sa yo, timoun ki aplike a ka toujou kalifye pou Medicaid.

SEKSYON I

Chwa Plan Sante

Kisa yon Plan Sante ye? Aplikasyon pou pwogram yo nan Access NY Health Care ka vle di ou resevwa pwoteksyon asirans sante ou nan yon Plan Swen Sante Kontwole. Lè ou antre nan yon plan, ou chwazi yon doktè (Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal oswa PCP) nan plan an pou satisfè bezwen regilye ou yo. Si ou vle kontinye swiv doktè ou genyen an, ou bezwen chwazi plan ki travay avèk doktè ou. Plan Swen Sante Kontwole yo konsantre sou swen sante pou prekosyon yon fason pou ti pwoblèm yo pa tounen gwo pwoblèm. Si ou bezwen yon espesyalis, PCP ou ap voye ou ba youn.

Kimoun ki Dwe Chwazi yon Plan Sante? PIFÒ moun ki kalifye pou Medicaid **DWE** chwazi yon plan sante pou yo jwenn pifò avantaj Medicaid yo. Kontinye li dokiman an pou konnen kijan pou jwenn plis enfòmasyon sou sa.

Kijan Mwen Konnen Ki Plan Sante pou Mwen Chwazi epi Si Mwen Kapab Antre nan Plan an?

Pou Medicaid, si ou vle chèche konnen kijan plan swen sante kontwole yo fonksyone, si ou gen pou antre ladan, ak fason pou chwazi yon plan, rele **Medicaid CHOICE** nan nimewo **1-800-505-5678**, oswa rele depatman sosyal sèvis lokal ou oswa ale nan biwo yo. Mande yon Gwoup Dokiman Edikasyon sou Swen Sante Kontwole. Enfòmasyon sou plan sante yo disponib tou nan sitwèb NYSDOH nan www.nyhealth.gov. Ou kapab antre nan plan an nan telefòn depi ou rele **1-800-505-5678**.

NÒT: Si nou jwenn oumenm oswa yon manm fanmi ou kalifye pou Medicaid, epi si w ap viv nan yon konte ki pa egzije moun ki nan Medicaid pou yo antre nan yon plan sante, w ap toujou antre nan plan sante ou chwazi a si li bay Medicaid, sof si ou koche kaz ki nan aplikasyon ki di ou pa vle antre nan plan an, oswa sof si ou fè nou konnen ou pa vle antre nan plan an depi ou rele depatman sosyal sèvis zòn ou oswa depi ou voye yon lèt ba yo.

SEKSYON J

Siyati

Tanpri li paragraf ki nan seksyon sa a avèk anpil atansyon, epitou li seksyon **Kondisyon, Dwa ak Responsablite yo**. Answit, ou dwe siyen epi date aplikasyon an.



Department
of Health

State of New York
Department of Health

DOKIMAN KI NESESÈ LÈ OU APLIKE POU ASIRANS SANTE

Non Moun ki Aplike

Dat Aplikasyon an

* Enskripsyon ou pa kapab fèt jouk lè nou resevwa tout dokiman ki NESESÈ yo. *Si ou bezwen èd pou jwenn nenpòt nan dokiman sa yo, fè nou konnen sa.*

OU PA BEZWEN MONTRE NOU TOUT DOKIMAN SA YO. Nou bezwen sèlman dokiman ki aplike pou ou oswa pou lòt moun ki aplike yo. N ap bezwen wè kopi dokiman yo pou idantite ak sitwayènte ameriken. Tanpri kontakte depatman sèvis sosyal lokal ou oswa rele nimewo 1-800-698-4543 pou konnen ki kote ou kapab pote dokiman sitwayènte ameriken ou. Anpil depatman sèvis sosyal lokal pa akseptè dokiman orijinal yo pa lapòs, poutèt sa kontakte yo si ou vle voye dokiman sa yo pa lapòs. Ou kapab voye kopi lòt dokiman yo ansanm avèk aplikasyon ou.

Ou dwe bay prèv idantite ou, prèv ki montre ou se sitwayen ameriken ak/oswa prèv ki montre Kondisyon Imigrasyon ou ak Dat ou Fèt.

Ou kapab bay YOUN nan dokiman ki anba la yo pou pwouve ou se Sitwayen Ameriken, Idantite ou ak Dat ou Fèt:

- Ti liv paspò ameriken/kat **OSWA**
- Sètifika Natiralizasyon (Fòm N-550 oswa N570 DHS) **OSWA**
- Sètifika Sitwayènte Ameriken (Fòm N-560 oswa N-561 DHS) **OSWA**
- Lisans Chofè Avanse Eta New York (EDL).

Lè youn nan dokiman ki anwo la yo pa disponib, ou ka itilize YON dokiman nan CHAK nan lis ki anba la yo pou pwouve sitwayènte ou ak/oswa idantite ou. Lis sa a pa gen tout bagay ladan. Si ou pa gen youn nan dokiman sa yo, tanpri ale nan seksyon eksplikasyon “Fason pou Jwenn Ed”.

Dokiman ki gen * toupre li tou montre dat ou fèt

Sitwayènte Ameriken

- Batistè Ameriken*
- Sètifika Nesans yo bay nan Depatman-Deta (Fòm FS-545 oswa DS-1350)*
- Rapò Nesans Timoun ki Fèt nan Peyi Etranje (FS-240)
- Kat Idantite Sitwayen Ameriken (Fòm I-197 oswa I-179)
- Dokiman Tribi Amerendyen*
- Dosye Relijyon/Lekòl*
- Dosye sèvis militè ki montre kote ou fèt nan Etazini
- Jijman final adopsyon
- Dokiman ki pwouve ou kalifye pou vin sitwayen ameriken anba Lwa 2000 sou Sitwayènte Timoun

Idantite

- Lisans Chofè oswa kat ID Leta ki gen foto*
- Kat ID yo bay nan yon ajans gouvènman federal, gouvènman eta oswa gouvènman lokal bay
- Kat Fòs Lane Etazini oswa dosye anwolman oswa kat Maren Komèsan Gadkòt Ameriken
- Kat ID lekòl ki gen yon foto (ka montre dat ou fèt tou)
- Sètifika Degre san endyen oswa lòt dokiman tribi Amerendyen/Natifnatal Alaska ki gen foto
- Dosye Lekòl ki Verifye, Dosye Lekòl Matènèl oswa Gadri ki Verifye (pou timoun ki poko gen laj 18 zan) (ka montre dat ou timoun nan fèt)
- Dosye Klimik, dosye Doktè oswa dosye Lopital (pou timoun ki poko gen laj 18 zan)*

Si ou pa itilize dokiman ki montre dat ou fèt, ou dwe soumèt youn nan dokiman ki anba la yo tou:

- Papyè maryaj
- NYS Benefit Identification Card

*Tanpri retounen tout dokiman ki nesèsè yo anvan dat: _____ oswa ou ka jwenn refi pou aplikasyon an.

DOKIMAN KI NESESÈ LÈ OU APLIKE POU ASIRANS SANTE

Si ou pa yon sitwayen Etazini

Lis ki anba la a gen kèk fòm komen Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (United States Citizenship and Immigration Services, USCIS) yo itilize pou montre kondisyon imigrasyon ou. Lis sa a pa gen tout enfòmasyon yo ladan. Si ou pa gen youn nan dokiman sa yo, tanpri ale nan seksyon "Kijan pou Jwenn Èd" enstriksyon yo.

Nou bezwen wè **YOUN** nan dokiman ki endike anba la yo pou pwouve Kondisyon Imigrasyon ou, Idantite ou ak Dat ou fèt:

Dokiman ki gen * toupre yo montre dat ou fèt la tou

Kondisyon Imigrasyon/Idantite

- Kat Rezidan Pèmanan I-551 ("Grinikat")*
- I-688B oswa I-766 Kat Otorizasyon pou Travay*
- Prèv ki Montre ou te Kontinye ap Viv nan Etazini anvan 1 ye Janvye 1972

Kondisyon Imigrasyon, men ou bezwen yon dokiman idantite siplemantè

- Dosye Dat ou Rive/Dat ou Ale nan Fòm I-94
- Fòm USCIS I-797 Avi pou Aksyon
- Lisans chofè (si yo ba ou li nan dènye 6 mwa yo)
- Kat ID gouvènman ki gen adrès ou ladan
- Anvlòp ki tenbre oswa kat postal (nou pa kapab itilize li si ou voye li nan yon Bwat Postal)

Adrès Kay: Adrès sa a dwe se menm adrès avèk sa ou ekri nan Seksyon A aplikasyon an. Prè la dwe gen dat nan 6 mwa ki vini apre lè ou te siyen aplikasyon an.

- Resi afèmaj/lèt/lwaye ki gen adrès kay mèk kay la ba ou
- Bòdwo Sèvis Piblik (gaz, kouran elektrik, telefòn, kab televizyon, gaz oswa dlo)
- Dosye enpo lokatif oswa etadkont prè ipotèk

PRÈV DÈNYE REVNI OU, OSWA REVNI OU TA KA RESEVWA PIDEVAN TANKOU AVANTAJ POU CHOMAJ OSWA YON PWOSÈ: Ou dwe bay yon lèt, etadkont alektri, oswa kopi chèk oswa souch chèk, travay, moun oswa ajans ki peye revni an bay. OU PA BEZVEN MONTRE NOU TOUT DOKIMAN SA YO, sèlman dokiman ki aplike pou ou ak pou moun k ap viv avèk ou. Li obligatwa pou bay yon prèv pou chak kalite revni ou genyen. Bay dènye prèv revni anvan taks ou ak nenpòt lòt dediksyon. Prè la dwe gen dat, li dwe gen non anplwaye a, epitou li dwe montre revni anvan dediksyon pou peryòd peman an. Prè la dwe se pou kat (4) dènye semèn yo, kit ou touche pa semèn, kit ou touche chak de semèn, oswa kit ou touche pa mwa. Li enpòtan pou enfòmasyon sa yo ajou.

Salè ak Peman

- Souch chèk peman
- Lèt patwon bay sou papye antèt konpayi an, ki siyen epi ki gen dat ladan
- Dènye fòm deklarasyon taks ki siyen epi ki gen dat ak tout Tablo yo**
- Dosye biznis/pewòl

Travay Endepandan

- Dènye fòm deklarasyon taks ki siyen epi ki gen dat ak tout Tablo yo**
- Dosye salè ak depans/dosye biznis

Avantaj pou Chomaj

- Lèt Rekonpans/Sètifika
- Etadkont avantaj chak mwa nan NYS Department of Labor
- Enpresyon enfòmasyon sou kont benefisyè nan sitwèb NYS Department of Labor (www.labor.state.ny.us)
- Kopi Direct Payment Card ki enprime
- Korespondans ki sòti nan NYS Department of Labor

Pansyon Prive/Anwrite

- Etadkont ki sòti nan pansyon/anwrite

Social Security

- Lèt Rekonpans/Sètifika
- Etadkont avantaj chak ane
- Korespondans ki sòti nan Social Security Administration

Workers' Compensation

- Lèt rekonpans
- Souch chèk

Sipò Timoun/Pansyon Alimantè

- Lèt moun k ap bay sipò
- Lèt ki sòti nan tribinal
- Souch chèk sipò timoun/pansyon alimantè
- Kopi Epicard New York ki enprime
- Kopi enfòmasyon sou kont sipò timoun nan sitwèb www.newyorkchildsupport.com
- Kopi etadkont labank ki montre depo dirèk

Avantaj Veteran

- Lèt rekonpans
- Souch chèk avantaj
- Korespondans ki sòti nan Veterans Affairs

Peman Fòs Lame

- Lèt rekonpans
- Souch chèk

Revni nan Lwaye oswa nan Lwaye Chanm Kay/Pansyon

- Lèt lokatè chanm, pansyonè, lokatè bay
- Souch chèk

Enterè/Dividann/Wayote

- Dènye etadkont labank, koperativ oswa enstifisyon finansye
- Lèt koutye bay
- Lèt ajan bay
- 1099 oswa fòm deklarasyon taks (si lòt dokiman yo pa disponib)

**Ou ka itilize fòm deklarasyon taks sou revni ki diferan avèk fòm deklarasyon revni pou travay endepandan pou aplikasyon yo anvan 1 ye avril ki vini apre ane a.

DOKIMAN KI NESESÈ LÈ OU APLIKE POU ASIRANS SANTE

Si ou peye pou jwenn swen sante pou pitit ou yo oswa pou paran ou yo pandan w ap travay, bay youn nan dokiman ki endike anba la yo:

- Deklarasyon ekri ki sòti nan sant gadri oswa lòt pwofesyonèl swen sante timoun/adilt
- Chèk ki anile oswa resi ki montre peman ou fè yo

Prèv asirans sante, bay tout sa ki konsène ou:

- Prèv dènye asirans ou (Kontra Asirans, Sètifika Asirans oswa Kat Asirans)
- Lèt Sispanasyon Asirans Sante
- Kat Medicare (Kat Wouj, Blan ak Ble)

Si ou gen bòdwo medikal nan twa (3) dènye mwa yo, bay tout dokiman ki endike anba la a:

Pou detèminasyon kalifikasyon pou depans medikal nan dènye twa (3) mwa yo:

- Prèv revni pou mwa (yo) lè ou te fè depans lan
- Prèv rezidans/adrès kay pou mwa (yo) lè ou te fè depans lan
- Bòdwo medikal pou twa (3) dènye mwa yo, kit ou te peye yo kit ou pa t peye yo

Resous (sèlman si ou gen plus pase laj 65 ane oswa si ou andikape epi si ou pa gen timoun ki poko gen laj 21 ane epi k ap viv avèk ou):

- Etadkont labank: kont kouran, kont epay, kont retrèt (IRA ak Keogh)
- Etadkont aksyon, obligasyon, sètifika
- Kopi kontra Asirans-Vi
- Kopi aranjman finansye pou antèman oswa papye fon pou anplasan kav oswa akò pou antèman
- Papye pou byen imobilye ki pa kay kote ou abite

Prèv Sityasyon Etidyan pou etidyan kolèj, si w ap travay:

- Kopi orè travay
- Deklarasyon kolèj oswa inivèsite bay
- Lòt korespondans kolèj bay ki montre sityasyon etidyan an

ACCESS NY HEALTH CARE Medicaid

TANPRI LI tout aplikasyon an ak EKSPLIKASYON yo anvan ou ranplis fòm nan. Tanpri ekri an lèt detache akè avèk yon plim ble oswa nwa. Nou pa kapab travay sou yon aplikasyon ki pa fin ranpli epi sa ap lakòz yon reta nan desizyon n ap pran sou aplikasyon ou.

Seksyon A Enfòmasyon sou Moun ki Aplike

Tanpri fè nou konnen kimoun ou ye epi kijan pou nou kontakte ou.

Prenon Legal Inisyèl Dezèm Prenon Non Fanmi Legal

Nimewo Telefòn Prensipal
 Lakay Selilè Travay Lòt

ADRES KAY
 moun ki aplike yo pou asirans sante
 Tcheke la a si yo se sanzabri

ADRES POSTAL
 moun ki aplike yo pou asirans sante si li diferan avèk a drès ki endike anwo a.

PA OBLIGATWA: Si gen yon lòt moun ou ta renmen resewva avi Medicaid ou yo, tanpri bay enfòmasyon pou nou kontakte moun sa a. Mwen vle moun sa a pou kontakte a:
 Aplike pou Medicaid epi/oswa renouvle li pou mwen
 Diskite sou aplikasyon oswa dosye Medicaid mwen, si li nesesè
 Resewva avi ak korespondans yo

Tcheke tout sa ki bon

VOYE PRÈV

Ri
 Dat Li Fèt: Lakay Selilè Travay Lòt

Vil
 Eta

Ri
 Nimewo Apatman

Vil
 Eta

Non
 Nimewo Apatman

Ri
 Nimewo Apatman

Vil
 Nimewo Telefòn
 Lakay Selilè Travay Lòt

Ki Lang Ou Pale? Li? Li?

Kontè

Kòd Postal

Kòd Postal

Li? Li?

Seksyon B Enfòmasyon sou Kay la

Si w ap viv nan kay la, kòmpanse bay enfòmasyon sou tèt ou. Si ou p ap viv nan kay la, kòmpanse bay enfòmasyon sou nenpòt aditè k ap viv nan kay la. Bay lis prennon ak non legal moun ki aplike yo oswa ki deja ap resewva Medicaid, epitou bay lis Nimewo ID ki nan Kat Avantaj yo oswa ki nan kat ID plan sante yo. Ou dwe bay enfòmasyon pou moun lakay ou tankou: paran, boparan, ak madanm/mari. Ou ka bay enfòmasyon pou lòt moun lakay ou (pa egzamp, yon timoun depandan ki poko gen laj 21 ane). Si ou bay lis lòt moun ki nan kay la sa ap pènnèt nou ba ou yon mvo siperyè kalifikasyon. Fanm ansent yo ak timoun ki poko gen laj 19 ane ka kalifye pou asirans sante kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo.

Prenon Legal, Dezèm Prenon, Non Fanmi

Dat Li Fèt
 / /
 Gason Fanm

Èske moun sa a aplike pou asirans sante?
 Wi Non

Èske moun sa a ansent?
 Wi Non
 Ki Dat Akouchman an? / /

Èske moun sa a se paran yon timoun ki aplike?
 Wi Non

Kisa timoun nan ye pou moun nan ki nan Kaz 1?
 OUMENM

Sijon sa a gen oswa te gen pwoteksyon asirans piblik tontan, kochie kaz ki aplike a.
 Medicaid
 Family Health Plus
 Nimewo ID ki nan Kat Avantaj/Kat Plan an, si ou konnen li: / /

Nimewo Social Security (si ou gen youn)
 Sitwayen Ameriken
 Imigran/moun ki pa sitwayen ameriken
 Antre dat ou te resewva kondisyon imigrasyon ou: / /
 Mwa / Jou / Ane
 Non-Imigran (Moun ki gen viza)
 Okenn nan repons anvan yo

Tanpri make yon kaz ki endike Sitwayènte oswa Kondisyon Imigrasyon ou nan moman an. Pa nesesè pou fanm ansent VOYE PRÈV
 Sitwayen Ameriken
 Imigran/moun ki pa sitwayen ameriken
 Antre dat ou te resewva kondisyon imigrasyon ou: / /
 Mwa / Jou / Ane
 Non-Imigran (Moun ki gen viza)
 Okenn nan repons anvan yo

01

Prenon ak Non Fanmi jèn Fi (non jèn fi moun nan anvan li te marye)
 Vil Kote Li Fèt: Eta Kote Li Fèt: Peyi Kote Li Fèt

Prenon ak Non Fanmi jèn Fi Manman Moun sa a

02

Prenon ak Non Fanmi jèn Fi (non jèn fi moun nan anvan li te marye)
 Vil Kote Li Fèt: Eta Kote Li Fèt: Peyi Kote Li Fèt

Prenon ak Non Fanmi jèn Fi Manman Moun sa a

VOYE PRÈV Gade "Dokiman ki Nesesè yo Lè Ou Aplike pou Asirans Sante" nan eksplikasyon ki nan paj 1-3, "Lis Tout Dokiman ou Dwe Genyen pou Asirans Sante", pou jwenn yon lis dokiman ki pwouve idantite ou, Sitwayènte ou oswa Kondisyon Imigrasyon ou.

*Kòd Ras/Gwoup Etnik (pa obligatwa): **A**-Azyatik, **B**-Moun Nwa oswa Ameriken Nwa, **F**-Ameriken Natifnatal oswa Moun ki Fèt nan Alaska, **P**-Moun ki Fèt nan Hawaï oswa lòt Moun ki Fèt nan Zile Pasifik, **W**-Moun Blan, **U**-Enkoni Tanpri fè nou konnen tou si ou se yon Ispanik oswa Latino-Ameriken-H

Seksyon B Enfòmasyon sou Kay la (Kontinye nan paj anvan an)

	Dat Li Fèt VOYE PRÈV	Èske moun sa a aplike pou asirans sante?	Èske moun sa a ansent?	Èske moun sa a se paran yon timoun ki aplike?	Kisa timoun nan ye pou moun nan ki nan Kaz 1?	Si moun sa a gen oswa te gen pwoteksyon asirans piblik lontan, koche kaz ki aplike a.	Nimewo Social Security (si ou gen youn)	Tanpri make yon kaz ki endike Sitwayèn oswa Kondisyon Imigrasyon ou nan moman an. Pa nesèse pou fann ansent VOYE PRÈV	*Ras/ Gwoup Etnik
Prenon Legal, Dezèyèm Prenon, Non Fanmi	/ / <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Ki Dat Akouchman an? / /	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		<input type="checkbox"/> Medicaid <input type="checkbox"/> Family Health Plus Nimewo ID ki nan Kat Avantaj/Kat Plan an, si ou konnen li: / /		<input type="checkbox"/> Sitwayen Ameriken <input type="checkbox"/> Imigran/moun ki pa sitwayen ameriken Antre dat ou te resewva kondisyon imigrasyon ou / / Mwa / Jou / Ane <input type="checkbox"/> Non-Imigran (Moun ki gen viza) <input type="checkbox"/> Okenn nan repons anvan yo	
03 Prenon ak Non Fanmi jèn Fi (non jèn fi moun nan anvan li te marye) Vil Kote Li Fèt Eta Kote Li Fèt Peyi Kote Li Fèt Prenon ak Non Fanmi jèn Fi Manman Moun sa a	/ / <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Ki Dat Akouchman an? / /	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		<input type="checkbox"/> Medicaid <input type="checkbox"/> Family Health Plus Nimewo ID ki nan Kat Avantaj/Kat Plan an, si ou konnen li: / /		<input type="checkbox"/> Sitwayen Ameriken <input type="checkbox"/> Imigran/moun ki pa sitwayen ameriken Antre dat ou te resewva kondisyon imigrasyon ou / / Mwa / Jou / Ane <input type="checkbox"/> Non-Imigran (Moun ki gen viza) <input type="checkbox"/> Okenn nan repons anvan yo	
